



Fòm pou Aktive Kont Epay ak Pou Pibliye Dosye

1ye Pati – Aktivasyon Kont

Future Bound Miami se yon pwogram “Children's Savings Account (CSA)” (Kont Epay pou Timoun) yo bay elèv jadendanfan nan lekòl elemantè “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ki ap patisipe yo yon kont epay gratis, alontèm, pou depoze lajan sèlman pou kolèj oswa edikasyon apre lekòl segondè pou pitit yo ki lokalize nan ‘Educational Federal Credit Union (EdFed)’. Lè w aktive kont epay pitit ou a nan Jadendanfan, kont la ap resevwa yon premye depo jiska \$50 otomatikman. Sa pap koute paran oswa elèv yo anyen pou yo aktive kont la. Ou ka kontribye nan fè depo nan kont epay elèv ou a lè ou kapab. Detanzantan, ap gen opòtinite pou jwenn kontribisyon adisyonèl nan pwogram yo dapre finansman ki disponib yo.

Se sèlman elèv la ki ka jwenn aksè nan fon kont epay yo lè li gradye nan yon lekòl segondè M-DCPS, lè li fini pwogram nan avèk siksè. Lè sa a, elèv yo pral resevwa tout kontribisyon yo genyen nan pwogram nan. Si yon elèv kite, M-DCPS anvan li fini pwogram nan, yo ap remèt elèv la tout lajan kontribisyon ki pa lajan pwogram nan yo te depoze pandan karyè lekòl li. Sepandan, yo ap retounen bay Future Bound Miami tout lajan kontribisyon pwogram nan te depoze pou yo pandan yo te ap patisipasyon nan pwogram nan.

Apre w fin soumèt fòm sa a bay pwofesè elèv ou a oswa lekòl 'Future Bound Miami Champion' an, w ap resevwa yon notifikasyon atravè mesaj tèks ak/oswa imèl pou fè w konnen kont elèv ou yo aktive (tanpri pèmèt yon espas 2 semèn pou kont la aktive). Yon fwa ou resevwa mesaj sa a, w ap kapab wè balans kont epay pitit ou a nan 'Future Bound Miami Savings Tracker' sou Portal Elèv M-DCPS la. Pou w ka wè balans kont elèv ou a, ou dwe aksepte dakò ak Tèm ak Kondisyon 'Portal Future Bound Miami Savings Tracker' ki anba a:

Tanpri chwazi yonn nan opsyon ki anba yo. Lè w chwazi "wi" epi ranpli fòm sa a, ouchwazi aktive yon kont epay gratis Future Bound Miami pou pitit ou.

- Wi, mwen vle aktive yon kont epay gratis “Future Bound Miami” pou pitit mwen.**
- Non, mwen pa vle aktive yon kont epay gratis Future Bound Miami pou pitit mwen.

Siyati w anba a, vle di ou dakò pou aktive Kont Epay 'Future Bound Miami Children's Savings' Pitit ou a.

Enprime Non Paran an:	
Siyati Paran an:	
Nimero Telefòn:	
Non Elèv la:	
Nimewo ID Elèv la:	
Non Lekòl la:	

(Vire fòm nan pou ranpli enfòmasyon ki nan do fòm nan)



2yè Pati – Pèmasyon pou Pibliye Dosye yo

Non Elèv la: _____

Dat Nesans li: _____

Mwen, _____ (**Parent Name**), bay pèmasyon pou pibliye dosye ak enfòmasyon ki endike anba la yo ki vin an vigè jiskaske elèv ki endike anwo a gradye nan lekòl segondè oswa si yo anile konsantman yo. Objektif piblikasyon sa a se pou patisipe nan Pwogram 'Future Bound Miami Children's Savings Account ("CSA")'. Dosye sa yo ka bay Catalyst Miami, Inc. ki se yon kòporasyon non pwofi nan Florid ki lokalize nan 3000 Biscayne Boulevard, Suite 210, Miami, Florida 33137. Anplis, Educational Federal Credit Union ap gen aksè a Non Elèv la, # ID M-DCPS li ak Dat Nesans li. Aksè sou done sa yo pral asire yo fè depo lajan sou kont epay elèv la san erè.

- Enfòmasyon Elèv la: Non, Dat Nesans, Adrès Kay li; Nivo Ane Eskolè li; Kondisyon Repa Midy Gratis ak nan Pri Redui; Non Lekòl la; Lang, Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl Elèv la (Nimewo FLE ID) ak Nimewo Idantifikasyon (MDCPS) Elèv la.
- Enfòmasyon Paran an: Non, Adrès Imèl, Nimewo Selila, Langaj, ak nimewo Pèsonèl Paran an.

Mwen _____ (**Parent Name**), dakò tou pou pibliye, akite, e delibere pou tout tan, Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County, Florid, pou ak nenpòt ak metòd tout metòd nenpòt aksyon ak tout aksyon, nenpòt koz ak tout koz, rele lajistis, obligasyon, dèt, frè, sòm lajan, kont epay, estimasyon, pwomès, bwòdwo, agreman, kontra, dezagreman, posiblite, alterasyon, vyolasyon, domaj, jijman, egzèkisyon, reklamasyon ak kèlkeswa demand, lalwa oswa nan ekite, mwen menm oswa pitit mwen an te janm genyen, kounye a, oswa apre sa, ta dwe oswa ka genyen, kont Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County, Florid, pou, pandan oswa akòz nenpòt materyèl, koz oswa kèlkeswa bagay la, swa dirèk oswa endirèk, ki ta ka rive oswa yon ensidan nan transmèt enfòmasyon sa a bay Catalyst Miami ak/oswa nan patisipasyon pitit mwen nan pwogram CSA a.

Siyati Paran oswa Elèv Elijib (Dat)

Lekòl/Ajans Piblikasyon/Demand Dosye a

Siyati Anplwaye ki Otorize

Tit (Dat)

Lekòl Leta Miami-Dade County respektè règ "Family Educational Rights and Privacy Act of 1974" (Lwa 1974 sou Dwa Edikasyon ak Konfidansyalite Fanmi) ki Kodifye nan 20 U.S.C. §1232 g. Se poutèt sa, tout dokiman dosye edikasyon yon elèv, eksepte sa yo espesyalman egzante, aksesib a paran yo oswa a elèv ki elijib yo.

Yo ka transfere enfòmasyon pèsonèl ki idantifyab bay yon twazyèm pati sèlman a kondisyon yo pap pibliye li bay okenn lòt pati san yo pa jwenn konsantman paran an oswa elèv ki elijib la.

YO AP AKSEpte YON KOPI OTORIZASYON SA A KÒM ORIjINAL